Нобэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэIущIэ Налшык щокIуэкI

ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№64 (21.472) ● 2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Правительствэм

Олимп Джэгухэм хэтынухэм я еджапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIуплIэ екIуэкIащ. Абы щыхэплъащ Iуэхугъуэ 12-м. ЗэIущIэм хэтащ къаз. район администрацIэхэм я IэтащхьэхэР. Ар иригъэкIуэкIащ Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей.

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщу нэхъыщхьэу къэпльытэ хъунущ щIэныгъэ егъэгъуэтын Iэнатlэм дяпэкIэ щекIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэр зыуфэсу, апхуэдэщ Олимп Джэгухэм хэтыну спортсменхэр щагъэхьэзырыну къэрал Iуэхущ1апIэ Налшык къыщызэIуихыным теухуаР. Ар къызэрагъэпэщ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ, зэчий зыбгъэдэтэ, олимп спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я командэ къыхэхахэм хэт спортсмен ныбжьыщIэхэм зауэзэщIыфын папщIэ.

Олимп Джэгуэм щытекIуэну зыщыгугъ ныбжьыщIэхэр щагъэсэнри, уеблэмэ щыпсэунри Налшык и курортхэр здэщыIэ Долинскщ. Ящэ зэманым центрыр щылэжьэнущ «Коммунальник» сабий лагерым, иужькIэ «Тэрч» санаторэр зыхуэт хуагъэзэжмэ, абы къагъэIэпэхуэжьнущ. Спортсмен ныбжьыщIэхэм зыщагъэсэнур Налшык и спорт Iуэхущ1апIэ нэхъыфIэращ, щеджэн папщIэ абыхэм хухах къыдалъхьэм и курыт еджапIэхэм ящыщ зы. Ахэр спортзалхэми еджапIэми Iуэхущ1апIэм и автобускIэ яIэнущ.

Хэкъуэзэу спортым хуагъэсэн папщIэ, ящэ щыкIэ къыхах 8 - 11-нэ классхэм щеджэу, республикэм щыпсэуу сабий 70. КъищынэмыщIауэ, къызэрагъэпэщ топджэгумкIэ командэ щхьэхуэр.

Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей и Iэтащхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и топджэгумкIэ командэ щхьэхуэр.

Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей и Iэтащхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ1ым и Федерацэм. Абы зэрыжиIамкIэ, мыгувэу республикэм къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ Кавказ Ищхьэрэм и топджэгу ныбжьыщIэхэр щагъэсэну интернат щхьэхуэ.

Ауэ а къэдгъэлъэгъуэ Iуэхугъуэхэр ялэжь къудей-кIэ, республикэм и сабийныбжьыщIэ спорт Iуэхущ1апIэхэм гугъуехьхэр къызэрагъэкIыфынукъым. Арауц аэр псори къызэщIинубыдэу иджыри зы центр къызэгъэпэщын хуейуэ зэIущIэм унафэ къыщIыщащтар. Ар Iэмалыфщ республикэм и къэрал спорт Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIи, ират мылъкур зэгъэзэхуэнымкIи, абы хэгъэхъуэнымкIи. Спортымрэ туризмэмкIэ министр АфIэунтIэ Аслъан зэрыжиIамкIэ, а центрым къызэщIиубыдэнущ нобэ республикэм зэпэщхьэхуэу щылажьэ спорт школ 15-р. Абыхэм я лэжьэкIэм зихъуэжьнукъым, сабийхэм рэ ныбжьыщIэхэмрэ спорт лIэужьыгъуэхэм зэрыхуагъэсэм хуэдэу къэнэжынущ. Ауэ центрым и кьалэну щытыныну апхуэдэ спорт школхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэнщ.

- А Iуэху бгъэдыхьэкIэм псом япэу игъэтышынымр спорт школхэраш, Аэр зэхъэзхуэм хэтын папщIэ нэгъуэщI кьалэ кIуэн хуейм, Iуэхур зэпытатэу щытынур сабийхэм я гъэсакIуэм спонсорхэр кьигъуэтын-кьымыгъэтынракъым. Абы папщIэ центрым хуэдизкъ бюджет ахъщэ икIи апэ илъэс ныкъуэм кIрыбыдэу спорт школхэм идот сом мелуан 40, - жиIащ Правительствэм и Унафэщым.

Сабийхэм ядэлажьэ Iэщ1ателIэхэр зыщIагъуфIыкIыну зэIущIэм къыщащтащ нижьыри зы унафэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэздакIуэ 93-м хуагъэфэщащ ахъщэ саугъэту дэтхэнэми сом мини 100. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, егъэджакIуэ 83-м иратыну ахъщэр фIыкIэ лъэпкъ проектым хиубыдэу къызэрагъэпэща федерал бюджетым. Ахъщэ саугъэтыр зыхуагъэфэща егъэджакIуэхэр къыхахащ зэхъэзэхуэкIэ. Федерал мылъкум республикэм щIигъужа ахъщэм и фIыгъэкIэ, зэхъэзэхуэм нэхъыфIу кьащащтыратэу, иджыри щIыхуипщIым ахъщэ саугъэтхэр хухахыну яхуэзэфIэкIащ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м щIыхуфэ шынагъэншагъэмкIэ и къудамэм щылажьэхэм я бжыгъэр щIыху 70-кIэ нэхъыбэ щыныным и Iуэхуми. МВД-м и министр Томчак Юрий зэрыжиIамкIэ, а къудамэм нобэкIэ щолажьэ щIыху 3427-рэ. Ауэ Iэмалыкъуэхэр Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIи, абы хэгъэхъуэнымкIи. Спортымрэ туризмэмкIэ министр АфIэунтIэ Аслъан зэрыжиIамкIэ, а центрым къызэщIиубыдэнущ нобэ республикэм зэпэщхьэхуэу щылажьэ спорт школ 15-р. Абыхэм я лэжьэкIэм зихъуэжьнукъым, сабийхэм рэ ныбжьыщIэхэмрэ спорт лIэужьыгъуэхэм зэрыхуагъэсэм хуэдэу къэнэжынущ. Ауэ центрым и кьалэну щытыныну апхуэдэ спорт школхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэнщ.

- А Iуэху бгъэдыхьэкIэм псом япэу игъэтышынымр спорт школхэраш, Аэр зэхъэзхуэм хэтын папщIэ нэгъуэщI кьалэ кIуэн хуейм, Iуэхур зэпытатэу щытынур сабийхэм я гъэсакIуэм спонсорхэр кьигъуэтын-кьымыгъэтынракъым. Абы папщIэ центрым хуэдизкъ бюджет ахъщэ икIи апэ илъэс ныкъуэм кьрибыдэу спорт школхэм идот сом мелуан 40, - жиIащ Правительствэм и Унафэщым.

Сабийхэм ядэлажьэ Iэщ1ателIэхэр зыщIагъуфIыкIыну зэIущIэм къыщащтащ нижьыри зы унафэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэздакIуэ 93-м хуагъэфэщащ ахъщэ саугъэту дэтхэнэми сом мини 100. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, егъэджакIуэ 83-м иратыну ахъщэр фIыкIэ лъэпкъ проектым хиубыдэу къызэрагъэпэща федерал бюджетым. Ахъщэ саугъэтыр зыхуагъэфэща егъэджакIуэхэр къыхахащ зэхъэзэхуэкIэ. Федерал мылъкум республикэм щIигъужа ахъщэм и фIыгъэкIэ, зэхъэзэхуэм нэхъыфIу кьащащтыратэу, иджыри щIыхуипщIым ахъщэ саугъэтхэр хухахыну яхуэзэфIэкIащ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м щIыхуфэ шынагъэншагъэмкIэ и къудамэм щылажьэхэм я бжыгъэр щIыху 70-кIэ нэхъыбэ щыныным и Iуэхуми. МВД-м и министр Томчак Юрий зэрыжиIамкIэ, а къудамэм нобэкIэ щолажьэ щIыху 3427-рэ. Ауэ Iэмалыкъуэхэр Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэнымкIи, абы хэгъэхъуэнымкIи. Арауц аэр псори къызэщIинубыдэу иджыри зы центр къызэгъэпэщын хуейуэ зэIущIэм унафэ къыщIыщащтар. Ар Iэмалыфщ республикэм и къэрал спорт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр еIэт

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкIе и министр **АфIэунэ Аслъэн**.

- ИкъукIэ жыджэру, жэуаплынигъэшхуэ тхэлъу турнирым зыхудогъэхьэзыр. Ар къызэгъэпэща зэкIэхъуэм зыщигъэгъуэзэну мы махуэхэм ди хьэщIэнхэр. ИджыкIэ ИкъукIэ жыджэру, жэуаплынигъэшхуэ тхэлъу турнирым зыщигъэгъуэзэну мы махуэхэм ди хьэщIэнхэр. Иджырей зэхьэзэхуэр щыдгъэхьэзырым дихуущIэкъуащ шахматистхэм я лъэIуэхэр ятлъытэтэну. Апхуэдэу зыщIэлэжэр щекIуэкIым и дежи аэр интернетым эфир занщIэкIэ къиту зэтедублэну ди мурадщ. НэхъапэкIэ къызэрыхэущащ, мыр икъукIэ пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэщ икIи апхуэдизкIэ щекIуэкIыр шахматым нэхъ зыужьыныгъэшхуэ щIэуэтэ къалэшхуэхэрщ. Ди гуапэщ Налшык апхуэдэу зэрыщытыр.

Къэрал, щIыпIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр зэхъэзэхуэм зэрыщылажьэну щIыкIэм тепсэлъыхьащ **Пащты Борис**.

- Дунейпсо чемпионатыр щекIуэкIым зэрыщытам хуэдизу, сытым дежи лажьэу пресс-центр къызэдгъэпэщынущ, зэхьэзэхуэм и хъыбарыщIэхэр щIэх дыдэу абы кIэлъыплъэм яIэрыкъэн папщIэ. Къыщынэмысыжащ, турнирыр ягъэкIуэну махуэ къэс къыдэдгъэкIынущ зэIущIэхэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ кIэщIэхэр зэрыт биоллетенхэр. Сыхьэт 15-м щIэзыдзэну зэIущIэхэр иуха нэужь, спортсменхэр журналистхэм яIущIэнущ.

АдэкIэ журналистхэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ зэмылIэм хэтахэм. Къабуштэжа, Къэбэрдей-Балъкъэрым шахматым щыдихьэхэхэм я бжыгъэм хэгъэкъуэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм теухуауэ щеупщIым Дышэкl Мадинэ жиIащ щIыхубзхэм я нэгъабэрей дунейпсо чемпионатым и ужькIэ а спорт Iэужьыгъуэм гулъытэ хуащIыр ди республикэм нэхъыбэ зэрыщыкIуэр.

- Курыт школхэм шахматымкIэ факультативхэр къыщыдгъэпэщащ, - къыхигъэщащ КъызэгъэпэщакIуэкI комитетым и унафэщIым. - Бжыгъэкъэнущ футболым хуэдэу абы и пщIэри республикэм щытIэтыну. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, шахмат джэгукIэм фIыуэ щыгъуазэм математикэри къызэремыгугъэкIыр.

Зэхьэзэхуэм и епIланэ Iыхьэр Налшык щекIуэкIыну щIытраухуам, абы и комментатор нэхъыщхьэу щытыным и гугъу ищIащ АфIэунэ Аслъэн: - Налшык къыщынэмысщIауэ, мы зэпеуэр я дежи щагъэзэкIыкIыну нэгъуэщI къалэхэри хущIэкъуащ, Украинэм и къалащхьэ Киев яхэту. Налшык къыщыхахьи тегъэщIапIэ ящIащ 2008 гъэм кIуэкIа щIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр ФИДЕ-м и унафэщIэхэм спортсменхэмэ хуабжу ягу зэрырихьар. Зэхьэзэхуэм и комментатор нэхъыщхьэу щытыну кьедгъэблэгъащ шахматист цIэрыIуэ Спасский Борис.

ЦIыхубзхэм я нэгъабэрей дунейпсо чемпионатым кьыгтедгъэзэжыныгъэ, щэч кьыщIытепхьэн щыIэу кьыщIэкIынкъым ар кьыщыдзIэуахьмрэ щызэхуащIыжьмрэ иращIэкIа Iуэхугъуэхэр щIыхубзэм ягу зэрырихьам. Иджырей зэхьэзэхуэм иращIэкIыну даузэдапщэхэм я гугъу ищIащ ДышэкI Мадинэ. – Нэгъабэрей чемпионатыр дунейм и хуабэгъэуз ирихьэлIати, дыкъэзэлухъурейхь дунеим и дакагъыр ядгъэлъагъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъуэщ, иджы апхуэдэ Iэмал диIэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дунейм зыкъызэрызэридзэкIыну иджыпсту къэщIэгъуеийщ. Абы къыхэкIкIа мы зэхьэзэхуэм ехьэлIа даузэдапщэхэр Музыкэ театрым щедгъэкIуэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Адыгэ пщыгъуэхэр

Адыгэ лъэпкъхэр, зы къэралыгъуэ къыхэгъэщIыным хуэмыкIуэр. XIX дзэлыгъуэм хьыкIауэ зэрыщытам тхыдэр щыхьэт тохъуэ. Къэбэрдейхэр, бесленэйхэр, кIэмыргуейхэр, бжьдыгъухэр, хъэтыкIуейхэр, махъэрэшхэр, жанейхэр щыхьэмрэ лакъуэлIэшхэмрэ я чиныр щIэтащ. Я лакъуэлIэшхэр зыхахури, шапсыгъэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм лъэпкъ унафэр сыхэм я Iэмышlэ иралъхьауэ щытащ ещIыкIуиящ лIэщIыгъуэм и кIэм.

ПщIэ я унафэм щIэт лъэпкъхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я уэркъхэри, лъхукъуэлIхэри, пщылIхэри зи Iэмышlэ иIыар пщыхэрщ. Зауэ къалыкIуэкIмэ, дзэм пашэ хуэхъуэ пщыхэрат. Пщыхэм я нэхъыжьым пщы тхьэмадэкIэ еджэт, ар псоми я унафэщIт.

«КIуэкIыпIэмкIэ уэкъыщежьэмэ, ятI уэзрыхьэр Бесленэйращ, - итхыгъащ барон Сталь. - Бесленэйхэр Уарпрэ Хуэдз псымрэ я зэхуэку дэсащ, а псыхъуэхэм дзэгушъэу щытащ». Урыс IасхьэщIэх Новицкий Георгий 1830 гъэм зэриттхамкIэ, бесленэйхэм я бжьыгъэр а зэманым мин 70 хьурт. Бесленэйр зи Iэмышlэ иIыар Къаночкъуэ пщы унагъуэрщ. Къаночкъуэхэ ящыщщ нэгъуэщI пщы унагъуитIи - Щолэхъуэхэрэ Бэчмырзэхэрэ. Бесленэйр уэркъхэм ящыщащ Дохъущокъуэхэ, Лъахъэтыкъуэхэ, Мысостыкъуэхэ. Барон Сталь зэриттхамкIэ, бесленэйхэр зауэшхуэ, пщIэшхуэ зиIэ лъэпкъыщ щытащ. «Бесленэйхэм я бзэр нэхъ къабзэ дыдэхэм хабжэ, езыхэр, къэбэрдейхэми хуэдэу, дипломат Iущщ, жьакIуэщ, я лIыгъэр я гъэсэныгъэкIэ адрей адыгэ лъэпкъхэм къахоцI».

Бесленэйхэм я гъунэгъущ мэхъэушэ адыгэхэр, абыхэм яку благъагъи дэлъащ. 1828-1829 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм и пэкIэ бесленэйхэр лъэпкъ щхьэхуиту щытащ, а зауэм и ужькIэ ахэр Урысейм и Iэмышlэ иралъхьауэ щытащ щIыкуэхэм, ахэр езыхэм игъащIэм я IэщIэмыплъарэ пэт: къэралитIым апхуэдэ унафэ зэращIам езы бесленэйхэр щыпхъуэзэхэтэкIыным, Урысейм и Iэмышlэ зралъхьэн мурадри я IэтэкIым - абы щыгъуэщ бесленэйхэр зауэм щыхэхуар. Зауэр къащытехьэлъэм, бесленэйхэр 1843 гъэм Лабэ Iыпхъуауэ щытащ; къыкIэлъыкIуэ гъэм, я пщы тхьэмадэ Къанокъуэ Етэч лIа иужь, я хэкум ягъэзэжащ.

Дзэпщ, шупашэ, зауэлI хахуэ куэд я Iащ бесленэйхэм. Абыхэм ящыщщ Лъэхъэтыкъуэ Кьэнэмэт - 1848 гъэм щегъэжьауэ, зэрыпхъуакIуэхэм гуащIэу езэуащ ар, зы махуэ епсыхакIым; абы и хьыбар куэд итхьжащ барон Сталь Карл.

Бесленэйм укъикIрэ ищхъэрэкIэ укIуэмэ, Мэхъэушэ пщыгъуэр къыщысащ, ар яIэщIэльащ Бэгъэрсокъуэхэ; а пщы лъэпкъым щыщу нэхъ цIэрыIуэ хъуауэ щытащ Бэгъэрсокъуэ Безрыкъуэ - абы и хьыбар куэд кьыхэнащ Кавказ заум и гъэдэм.

Лабэрэ ЩхьэгуащIэ псымрэ я тIуащIэм дэсащ КIэмыргуей пщыгъуэр, ар зэрахьащ Бэлэтокъуэхэ. Адыгэ лъэпкъым я деж пщIэшхуэ щаIащ КIэмыргуейхэм, абыхэм я пщы тхьэмадэ Бэдэгокъуэ Безрыкъуэ хабзэ тKIий щигъэувауэ щытащ КIэмыргуейм. Хьан-Джэрий зэриттхыгъамкIэ, Безрыкъуэ и унафэм щыIэтам щыгъуэ кIэмыргуейхэм я щIэр жыжьэ щыIуащ - я хабзэрэ я зэхэтыкIэкIэ. ЦIэрыIуэ дыдэ хьэдауэ щытащ Бэлэтокъуэ Жамболэтри. Сталь щыхьэт тохьуэ абыхэм лIыгъэшхуэ зэрахэлъам; адыгэхэм я хуитыныгъэм щIэзэууэрэ, гъащIэр итащ дзэпщ щхьэмыгъаэзм.

КIэмыргуейм и гъунэгъущ Хьэтыкъуей пщыгъуэр - Щхьэгуащэрэ Пшышэрэ я зэхуэку дэсащ. Хьэтыкъуэ Асльэнджэрий и унафэм щIэтащ, ар лIа иэужь, пщы тхьэмадэ яхуэхьауэ абы и кьуэ Хьэтыкъуэ Жандэрэий.

Хьэтыкъуейм ябгъэдэсащ бжьдыгъуэр, ахэр лъэпкъитI хьауэ щытащ - хьымыщейхэмрэ чэрчэнейхэмрэ. Хьымыщейр Ахэтерэ Псэкъуэрэ я зэхуэку дэсащ; чэрчэнейхэр - Псэкъупсэрэ Пшышэрэ я зэхуэку дэсащ. Бжьдыгъуэ Iэшхэмрэ Iэшхэмрэ лъхукъуэлIхэмрэ яку кьайгъэ кьихъуэрейуэ зэрыщытам тхыдэр щыхьэт тохьуэ. 1828 гъэм лъхукъуэлIхэм я хасэм унафэ щащIащ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я бжьым кьыщIэкIын хуейуэ. Щу щитхуэ хьу дзэ ягъэзэпэсащ

Щалэгъуэ

Зэманым деклу Кларэ Альбинэ и мурад дахэр

Шэджэм къаде 22-нэ курыт еджапІэр кънуха нэужь, Кларэ Альбинэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и юридическэ факультетым щІэтІысхьан нкІи хъарзынэу кънухащ. Абы зэрыщІэджэм хуэдэуэрэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ ныджылъыбзэмкІэ къудамэм. Иджыпсту Урысейм и МВД-м и университету Краснодар дэтым Нащыщ щиІэ къудамэм щолажь.

ЩАПІА унагъуэм щІыхилъхьа хьэл-щэнхэрщ Альбинэ нобз зыхэтхэм кьахэзыгъэщІыр. Абы хэть тегушхуэныгъэм, пэжым зэрителъхьэм кьыхэзыгъэнщ юрист Іэщіагъэр кьыхэзыхихар. Я хьыдажэбзыр дОкутыр хьумэ нэхъ кьащтэрт и адэ-анэм, ауэ Альбинэ яхутекІакъым юрист Іэщіагъэм хуеджэну ищІа мурадым.

Уэ нэхъ куэдкІэ мынэхъыщІэхэр ебгъыдэжнэр мытыныши, Альбинэ хъарзынэу кьвохъуІэ ар. А Іэщіагъэм фІыуэ хэгъуэза нэхъыжьхэм я лэжькІэм кІэлъыплъуэр абы зригъэщІащ щІалэгъуалэм зэрахущытыпхъэрэ, дерсхэм я егъэкІуэкІыкІэрэ.

Зи гугъу тщІы хъыджэбзым ущытепсэлъыхькІэ, и гугъу умыщІу ублэкІ хьунукъым нэгъуэщІ зы Іуэхуми - юрист Іэщіагъэм нэхъ мынэхъ мащІэу пщащэр дехьэх литературэм. Тхьилъыр зи Іэпэгъуэ кьэхьуа хьыджэбз щыкІум пасэу щІидзаэу етх усэхэр, рассказхэр.

- Абыхэм ящыщу нэ хъ кьыхэжьуІэу кьэсльытэрассказ тхьилъыр, - ныджоргъэшэ Альбинэ. - Си тхыгъэхэм гъабжэ яхуэхъур гъащІэм сызышцрихьэлІэ Іуэхугъэхэр, щыхъ зэхущытыкІэхэр, сльэгъуа е кьызжаІэжа Іуэхугъэр. Нэхъ нужьу стхахэм гъабжэ яхуэхъур зи Іэщіагъэм сызышцрихьэлІа, сызригъэгупсыса тепІытеуэ хэрщ.

Альбинэ университетым щыщІэтІысхьам, абы и эчнИм гу лъызыта и ныбжьэгъу хьыджэбзхэм трагъэгушхэри, Хьэх Сэфарбий зи унафэщІ щІыхьлъагъуэ литературэ зэгугъэныгъэм ягъэкІуащ. Абы щызэхуэс ныбжьыщІэхэми щІалэгъуалэм ядэлажьэ тхакІэмэ пщащэр тхэным нэхъри трагъэгушхуащ. Абы и ужькІэ Альбинэ дзэхьхэх Іужьугъэм гупльэт нэхъыбэ хуиІ хьуащ. Альбинэ и Іэдакъэщ Іэкіхэр къытохуэ «Іуащхьэмахуэ» журналым, «Советская молодежь» газетым и «Псынэ» напэкІуэцІым, апхуэдэуи «Адыгэ псалъэмэ» тетащ.

Кьыхиха Іэщіагъэр нэгъуэщІми, кьыдалъхуа анэдэлъхубзэр, абыкІэ тхэныр зыпищІ щыІэкъым Альбинэ. Арыншауи псэуфынукъым адыгэ хабзэр зэрыльэ унагъуэ кьыщалъхуа, адэшхэр анэшхуэм я куэщІ ирапІыкІа пщащэр. Абы кьызэрилытэмкІэ, анэдэлъхубзэр фІыуэ нигъэшэрыуэн хуейщ сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрыт щыхуми, ар яІуры лъытыпхъэ хуейщ жьыми щІэми. Альбинэ щогуфыкІ и рассказхэм Интернеткіэ еджэхэр зэрыкуэдым. Абы къегъэльагъуэ адыгэбзэкІэ псэльэну зи щхьэ тезымылъхьэ щІалэхэм, хъыджэбзхэм нэмыщІи зи анэдэлъхубзэм хуэфащІэ ищІэ хуэзыщІэхэри дызэрилъэ.

Иджырей щІалэгъуалэм я дуней тетыкІэм, гупсысэкІэм теухуауэ Альбинэ жеІэ:

- Дэтхэнэми ещІэ иджыдей щІалэгъуалэм щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным, псэукІэфІым хущІэкъуахэри, зыри кьызыфІэмыІуэхуэри зэрахэтыр. Ар зэлъытар абы унагъуэм кьыщыбгъэдалъхьа гъэсэныгъэрщ. Зэманым зыдсэкъуэж щІалэгъуалэми, нэхъыжьхэмрэ езыхэмрэ я дуней еплъыкІэ зэтемыхуэж мэхъу. Апхуэдэхэм дежа адэ-анэми кьалъытэн хуейщ иджырей зэманым и лабзэхэр, щІалэгъуалэмри ирамытъэлеиуэ, зэпІэзэрыту щытыпхъэщ.

«Зэманым деклу ІыфІщ», - жиІащ Кьэзанокъуэ Жэбагъы. Я блэкІар ящымытыпщэу, зыхэпсэукІ лъэхъэнэм щекІуэкІ псоми фІыуэ щыгъуазэу, къэкІуэнум егупсысу щытхэращ Альбинэ зэманым деклу кьилъытэр.

Апхуэдэ гупсысэкэр щытепщэ, зыхэтхэм ядекІу унагъуэ дахэ щагъэсаІ Кларэ Альбинэ. И дэпъку нэхъыжьым еджапІэ нэхъыщхьэр кьиухащ, зы щыпхъу нэхъыщІэ иІэщи, КъБКъУ-м медицинэмкІэ и факультетым щІэсщ. Ахэр зи щапхъэ тетыр я адэ, КъБКъУ-м и доцент Асльэнрэ псоми защІигъакъуэу, унагъэр зыхуей хуигъазэу яхэт я анэ Іэсиятрэщ.

Мурад дахэкІэ нІэщ Альбинэ. ФІыуэ ильытэу Іэщіагъэм ирилэжьэныр, кандидат диссертацІэр пхигъэкІыныр и хьэпсапІэщ. Ауэ, дауи, абыхэм яужь кьригъэнэркъым щІыхуэз насыпым кьызэщІыбыдэ Іуэхуэхэри.

ШЫПШ Даянэ.

Насыпым и къежьапІэ

Къэхъуа хъыбар

МАДИНЭ щыщІэкІым и пхъур къигъэушащ. «ЩыІыгъэм джэдыкІитІ дэлъыжщи, гъажьи щхы. КьызжиІакъым жумыІэж, умышхауэ ущІэмыкІ», - жиІэри анэр лэжьакІуэ кІуащ.

Людэ кьэтэджри, гъуджэм бгъэдыхащ, набдзэгубдзапльэу зыІэпиплъыхьыжащ. Ильэгъуар игу иримыхьщауэ зитхъэщІыну кІуащ. Людэ и адэ Мурат яхэкІуи нэгъуэщІ щІыхубз гъуэзэрищІэз, я унагъуэм гурыфІыгъуэ лъэпкъ илъыжтэкъым. Зэанэзэпхъэм эщащ бзыщІрт я псэм тель бэлъхьыр. Зыр зым щыхьыпти, кьэхъуар кьатемыхьэлъэу фэзытрагъауэрт, ауэ тІуми я теплъэм кьигъэлъагъуэрт я гум хьэпсэу тетыр: хэпщІыкІыу тІури нэхъ гъур хьуахэт, фагъуэхэт, я нэщІащэхэр иузжат.

Абы кьищынэмыщІауэ, кьэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм щІыхуэхэр кьуІейсыз ящІати, нэхъыбэр мэжэщІалІэу кьэнат. «Сыту фІыт зы бын фІэкІа сызэриІыкІыу, нэхъыбэ сиІамэ, езгъэшхынур лІот?» - егупсысырт Мадинэ, лъакъуэрІыдэр машинэм здыбгъэдэсым. Щыхуэбзым и лэжьапІэр зэхуащІа нэужь, щІэныгъэ нэхъыщхьэ иІэ пэтми, нэгъуэщІ Іэнатіэ имыгъэуту, а цехым лэжьакІуэ кІуат. Ар зей щІалэр Мадинэ и благъэр якІи щІыхь хьарэзынэт, ауэ иригъэда щыгъыныхэр ямыщхъуу зэтрихьа нэужь, игъалажьэхэм яритын улахуэ дэнэ кІрихьынт: мазитІ-щкІэ щыщІэрихьэ щыІэт.

ЩІыхум я нэхъыбэр гугъуехьамэ, псэукІэ зэхъэзэрыхьар кьагъэсэбэну кьулей хэхъуКІан щыІэт а лъэхъэнэм. Абыхэм ящыщт Фатіимэ. Ар хьэрычэт щІэныгъэм кьыхуигъэщІами ярейт. Щэн-кьэщэхъ нэм хэту кьэкІуэт. Хадзыхуэ яІэт, пхъэщхьэмыщхьэ жыг кІуэду ягу, былым машІи зэрахуэрэгъкъым. Арати, кьэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм унагъуэр, псом хуэмыдэу ФатІимэ, хуэхьэзыру кьыщІэкІащ, фейдэ куэди кьыхьихьфащ. ЖыІэнэм ящхьи щамыгъуэтым, ФатІимэ машинэ лъапІэм ису кьижьыхьырт, щІыпІэ жыжьэхэм вагонкІэ фадэ иригъашэрт, тхьилъымпІэ нэпцІ гъуэз хуищІырэ. Пуду кьищхъуа фадэм ахъщэшхуэ кьыщІихьфырт. Зэгу зрым, ФатІимэ и тыкуэ зэкъэщІ зым щІэту, щІалэ гуэр кьыщІыхьащ, зи щхьэр теча щагъыр птучькІэ иІыгъащ. «Щагъыр нэпцІ кьыэфащащ, сІыфхьи», - жиІащ ирилэжьэныр, кандидат диссертацІэр пхигъэкІыныр и хьэпсапІэщ. Ауэ, дауи, абыхэм яужь кьригъанэркъым щІыхуэз кьыщІыбыдэ Іуэхуэхэри.

- Кьэсхуэгъэсу, си лэжьакІуэхэм дапщэрэ яжеІэрэ, щагъыр мыхьэнэмщ фыльэтэным хуэдэт. И анэми Іуэхур зыІутыр хуимыІуэтэну мурад ищІащ. Ильэсым щІигъууэ зыхэт бэлъхьым хэкІыпІэфІ иІэу кьыщІэкІат, льагъуныгъэм эщІмІыгъэ хьыджэбзым кьыхэзрильтэмкІэ.

Сэлим ягу ирихьащ Мурат ТфатІимиИ. Езы щІалэрэ арэзы техьуащ ильэгъуа псоми. ФатІимэ и пэщхэм унэльащІэ льапІэхэр щІэтт; езыр налкъутнакъэкІэ эщІэблат Іэнэ дэтхэм кьахуиуэздат. Псом ящхьэжратт, я гупсысэкІэр зэрызэтехуэр, гъащІэм эщІэрелпхэр зэрызэщхьыр зэдэуэрщэру здэщысым кьагурыІуэжати, псэкІэ зэгъуэнэгъу зэхъэхьахэт. «Мыпху зэд адэ-анэ, уэзрИІэр ящІэну?» - ещІащ Сэлим Людэ.

Абдежым абы и псэм теІьа гуэзэвгъуэр щІэрыщІэу кьыщІэщІэплъэжащ. «Сыт хьэдэгъуэдахэх мы сщІэр, апхуэдизкІэ сыкьейуэ пІэрэ сз мы щІалэр гъащІэ гъуэз сщІыну? - егупсысащ ар. - Сыхьэтищ хьуауэ дыщысщи, зы псалъэ льагъунытэм, щІыхугъэм теухуауэ жаІакъым, зи гугъу ящІыр я мыпхуэр ущрагъэбгъэгъуэн Іэмалхэрщ». Абыхэм нэщхьей кьащІауэ Людэ зэдэщысым, кьежьэу и закъуэу щыс и анэр и нигу кьыщІэуващ. «Сэ напэ сиІэ? СытхІэ сыкъыкІэрыхуэрэ кьыдэпщІыкъа мы си адэм?» - зы напІэзыщІэм и Іэпкъльэпкъыр губгъыкІ щІэщІащІ хьыджэбзым. А губгъым кьиІэтри, кьэтэджыкащ, и плащыр щитІэгъэжащ. Іэнэм пэрысхэм кьэхъуар кьагурымыІуэу кьоІгль.

- Сэлим, укъэзгъэпщащ, сэ мыхэр си зыриІкІ, сцІыху кьудейуэ, пцы зэрыпхуэзэпсамкІэ, кьызэдэІэпыкъуэу аращ. Сэ си анэр лэжьакІуэ кьыщзрыгъэжІыу щытыпи щІалэм щІэщІ, дышпІсэр куэд щІауэ якъутэжкІ хуея уэнэжщ. Сэ кьызэрызгурыІуамкІэ, апхуэдэ унагъуэ кьыхэкІа щхьэгъуэз ухуейкъэ, зы щІыхухьу хэтат си гъащІэми, сриКъуащ, - ар жиІэри, кьызэщІэпхъуэ хуэдизкІ щІыхьыжьу щІыхьыжьу, и адэм хуеплъэкІащ хьыджэбзыр. Сэлим Людэ мафІэм хуэдэу кьызэщІэплъат, ау я щІыбым кьызэрыщыхутэу упщІыІужащ.

ПЛІЭКІЭмывэ кьрихьэкІам хуэдэу езэшами, абы кьыгурыІуэжырт мыхьэнэщхъэ зиІэ Іуэху и пщэм зэрыдэжар, и насыпыр эзрихьумэжьфэр. Хьыджэбзыр хуиту бэуэкІ.

Людэ унэм щыІыхьэжам Мадинэ лэкъум игъажьэу хьэкум бгъэдэтт.

- УмэжалІэрэ, си хьыджэбз, тІыс, лэкъум хуабзрэ кьхуенэрэ шхы, - жиІащ анэм.

- Ауэ сытми сымэжэлІа. мамэ, ауэ сытми сфІэфІу сшхыну уи лэкъум хуабэмрэ уи кхъуеймрэ.

Апхуэдэу жиІэри, кьаруу щІэ кьызыхьыхьэжа пщащэр Іэнэм бгъэдэтІысхьащ.

- ПщІэрэ, Людэ, ди цехыр кьулей гуэрым ищэхужати, мазиплІ льандэрэ зэтрихьа улахуэр кьыдитыжащ, - жиІэри ахъшэр Іэнэм кьытрильхьащ Мадинэ.

- Мамэ, ди Іуэху ефІакІуэу дыкъэрпсэунуум шэч кьытес хьэркъым сэ, уэ-щэ? - хьыджэбзыр кьыщІылъэтри, анэм гумащІэу Іэплъэ хуищІащ.

БЭЛЗІОКЪУЭ Светланэ.

«ЦІыхум хэлъ псори гуакІуэу щытын хуейщ: и гупсысэри, и Іэпкъльэпкъри, и псэри», - жиІэгъащ урыс тхакІуэшхуэ Чехов Антон. А псалъэхэр нэгум къыщІэзыгъэув цІыхуф нобз ди псэлъэгъу бзылъхъугъэр. Ар ди республикэм щыпсэуэхэм фІыуэ ильагъу. Щорджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ зэчиифІэ КІэхъумахуэ ФатІимэщ.

Акъыл жан, цІыхубэм махуэ къэс зэрадэгуашэ псэ къабзэ, гу хьэпэл зиІэ щыщІащэм и дуней теорием къэ ехъулІэныгъэхэм тедгъэпсэлъыхьыну упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- ФатІимэ, и сабиигъуэм щегъэжьауэ актрисэ хъуну, сценэм итыну емыкъуапсэ хъыджэбз цІыкІу щыІэу къыщІэкІынкъым. Уэ дауэ къыхэпхат а Іэщіагъэр?

- Къыхэсхьну Іэщіагъэмкіэ куэдрэ сычэнджащуи, абы сыщІэгупсысу щытауи схужьІэнукъым. Дэтхэнэ цІыхуми езыр къыхэуихуэщІар Іащащэм къызэрыщІигъуэтыжьам хуэдизу, сэри ар къыхэсхащ. Арауэ къыщІэкІынт си натІэм кьритхар. Абы уэзрифІэмыкІынкъым куэдрэ згъэунэхуащ сэ.

Школыр кьэзуха нэужь, ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым (абы щыгъуэм Воронеж дэтым и филиалу Нащыщ къыщыІэуха кьудейуэ арат) сыщеджащ. Сэ хьыджэбз закъуэр щІалэ гупым сахэту ящу дыкъыщІигъэкІащ абы. ЗанщІэуи адыгэ театрым щежьэн щыщІэздзащ. Арыншауи хьунутэкъым - нэгъуэщІ Іэщіагъэ, Іэнатіэ сыщІэхъуэспсыгъэкІын, сыпэрытуи си нэгу къыскъущІэгъэхьэртэкъым.

- Уи гъащІэм сыт хуэдэ увыпІэ щиуфыдырэ театрым?

- Псалъэ хэІэтыкІыщауэ кьыфщыхьуми, аращ езыр си гъащІэ хъужри, аращ си дунейри. Щапхъэу мыр кьэсхьынщ. ЦІыхуэхэр Іущхьэмащэу къэралэ макІуэри лыжэкІэ бгым кьожах. Сыт кьахуищІэр? Я псэр егъэушэ, я лъыр зэрегъакІуэ, я пкъыр щІегъэкІ е, зэрыжаІэу, адреналин ягъуэт. Мис аращ сэри театрым кьыскъуищІэр. Ар си псэщ, арыншэу сыпсэуфынукъым, щыхуэ псэнщэ дунейм зэрыстетыжьыр хуэдэу.

- БгъэзэщІахэм ящыщу сыт хуэдэ ролыр нэхъ кьыхэбгъэщыпт, ар щІыхэбгъэфІыкІым сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуР?

- Сэ роль 30-м щІигъу згъэзэщІащ. Абыхэм зыри схуэхэдзынукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэтхэнэми си кьару иэохьэлІэ. Арк ъудейкІэ зэфІэкІыпкъым, абы сэ хызолъхьэ си псэм щыщІыхьэ. А ролым упвІэшхуэ щеубыд си гъащІэм. Ауэ гум нэхъ кьынэжахэм ящыщщ Мурат Чэпай и «КьулыкъущІэкъуэр» комедием щызгъэзэщІа Нэшхуэ и ролыр. А пьесэм кьыщыгъэпсыгъуэхэр уэхбжьу тохуэ ди гъащІэм, ди кьэгъэльагъуэ адыгэбзэкІэ псэльэну зи щхьэ тезымылъхьэ щІалэхэм, хъыджэбзхэм нэмыщІи зи анэдэлъхубзэм хуэфащІэ ищІэ хуэзыщІэхэри дызэрилъэ.

Иджырей щІалэгъуалэм я дуней тетыкІэм, гупсысэкІэм теухуауэ Альбинэ жеІэ:

- Дэтхэнэми ещІэ иджыдей щІалэгъуалэм щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным, псэукІэфІым хущІэкъуахэри, зыри кьызыфІэмыІуэхуэри зэрахэтыр. Ар зэлъытар абы унагъуэм кьыщыбгъэдалъхьа гъэсэныгъэрщ. Зэманым зыдсэкъуэж щІалэгъуалэми, нэхъыжьхэмрэ езыхэмрэ я дуней еплъыкІэ зэтемыхуэж мэхъу. Апхуэдэхэм дежа адэ-анэми кьалъытэн хуейщ иджырей зэманым и лабзэхэр, щІалэгъуалэмри ирамытъэлеиуэ, зэпІэзэрыту щытыпхъэщ.

«Зэманым деклу ІыфІщ», - жиІащ Кьэзанокъуэ Жэбагъы. Я блэкІар ящымытыпщэу, зыхэпсэукІ лъэхъэнэм щекІуэкІ псоми фІыуэ щыгъуазэу, къэкІуэнум егупсысу щытхэращ Альбинэ зэманым деклу кьилъытэр.

Апхуэдэ гупсысэкэр щытепщэ, зыхэтхэм ядекІу унагъуэ дахэ щагъэсаІ Кларэ Альбинэ. И дэпъку нэхъыжьым еджапІэ нэхъыщхьэр кьиухащ, зы щыпхъу нэхъыщІэ иІэщи, КъБКъУ-м медицинэмкІэ и факультетым щІэсщ. Ахэр зи щапхъэ тетыр я адэ, КъБКъУ-м и доцент Асльэнрэ псоми защІигъакъуэу, унагъэр зыхуей хуигъазэу яхэт я анэ Іэсиятрэщ.

Мурад дахэкІэ нІэщ Альбинэ. ФІыуэ ильытэу Іэщіагъэм ирилэжьэныр, кандидат диссертацІэр пхигъэкІыныр и хьэпсапІэщ. Ауэ, дауи, абыхэм яужь кьригъанэркъым щІыхуэз кьыщІыбыдэ Іуэхуэхэри.

- Кьэсхуэгъэсу, си лэжьакІуэхэм дапщэрэ яжеІэрэ, щагъыр мыхьэнэмщ фыльэтэным хуэдэт. И анэми Іуэхур зыІутыр хуимыІуэтэну мурад ищІащ. Ильэсым щІигъууэ зыхэт бэлъхьым хэкІыпІэфІ иІэу кьыщІэкІат, льагъуныгъэм эщІмІыгъэ хьыджэбзым кьыхэзрильтэмкІэ.

Сэлим ягу ирихьащ Мурат ТфатІимиИ. Езы щІалэрэ арэзы техьуащ ильэгъуа псоми. ФатІимэ и пэщхэм унэльащІэ льапІэхэр щІэтт; езыр налкъутнакъэкІэ эщІэблат Іэнэ дэтхэм кьахуиуэздат. Псом ящхьэжратт, я гупсысэкІэр зэрызэтехуэр, гъащІэм эщІэрелпхэр зэрызэщхьыр зэдэуэрщэру здэщысым кьагурыІуэжати, псэкІэ зэгъуэнэгъу зэхъэхьахэт. «Мыпху зэд адэ-анэ, уэзрИІэр ящІэну?» - ещІащ Сэлим Людэ.

Абдежым абы и псэм теІьа гуэзэвгъуэр щІэрыщІэу кьыщІэщІэплъэжащ. «Сыт хьэдэгъуэдахэх мы сщІэр, апхуэдизкІэ сыкьейуэ пІэрэ сз мы щІалэр гъащІэ гъуэз сщІыну? - егупсысащ ар. - Сыхьэтищ хьуауэ дыщысщи, зы псалъэ льагъунытэм, щІыхугъэм теухуауэ жаІакъым, зи гугъу ящІыр я мыпхуэр ущрагъэбгъэгъуэн Іэмалхэрщ». Абыхэм нэщхьей кьащІауэ Людэ зэдэщысым, кьежьэу и закъуэу щыс и анэр и нигу кьыщІэуващ. «Сэ напэ сиІэ? СытхІэ сыкьыкІэрыхуэрэ кьыдэпщІыкъа мы си адэм?» - зы напІэзыщІэм и Іэпкъльэпкъыр губгъыкІ щІэщІащІ хьыджэбзым. А губгъым кьиІэтри, кьэтэджыкащ, и плащыр щитІэгъэжащ. Іэнэм пэрысхэм кьэхъуар кьагурымыІуэу кьоІгль.

- Сэлим, укъэзгъэпщащ, сэ мыхэр си зыриІкІ, сцІыху кьудейуэ, пцы зэрыпхуэзэпсамкІэ, кьызэщІэпхъуэ аращ. Сэ си анэр лэжьакІуэ кьыщзрыгъэжІыу щытыпи щІалэм щІэщІ, дышпІсэр куэд щІауэ якъутэжкІ хуея уэнэжщ. Сэ кьызэрызгурыІуамкІэ, апхуэдэ унагъуэ кьыхэкІа щхьэгъуэз ухуейкъэ зы щІыхухьу хэтат си гъащІэми, сриКъуащ, - ар жиІэри, кьызэщІэпхъуэ хуэдизкІ щІыхьыжьу щІыхьыжьу, и адэм хуеплъэкІащ хьыджэбзыр. Сэлим Людэ мафІэм хуэдэу кьызэщІэплъат, ау я щІыбым кьызэрыщыхутэу упщІыІужащ.

ПЛІЭКІЭмывэ кьрихьэкІам хуэдэу езэшами, абы кьыгурыІуэжырт мыхьэнэщхъэ зиІэ Іуэху и пщэм зэрыдэжар, и насыпыр эзрихьумэжьфэр. Хьыджэбзыр хуиту бэуэкІ.

Людэ унэм щыІыхьэжам Мадинэ лэкъум игъажьэу хьэкум бгъэдэтт.

- УмэжалІэрэ, си хьыджэбз, тІыс, лэкъум хуабзрэ кьхуенэрэ шхы, - жиІащ анэм.

- Ауэ сытми сымэжэлІа. мамэ, ауэ сытми сфІэфІу сшхыну уи лэкъум хуабэмрэ уи кхъуеймрэ.

Апхуэдэу жиІэри, кьаруу щІэ кьызыхьыхьэжа пщащэр Іэнэм бгъэдэтІысхьащ.

- ПщІэрэ, Людэ, ди цехыр кьулей гуэрым ищэхужати, мазиплІ льандэрэ зэтрихьа улахуэр кьыдитыжащ, - жиІэри ахъшэр Іэнэм кьытрильхьащ Мадинэ.

- Мамэ, ди Іуэху ефІакІуэу дыкъэрпсэунуум щэч кьытес хьэркъым сэ, уэ-щэ? - хьыджэбзыр кьыщІылъэтри, анэм гумащІэу Іэплъэ хуищІащ.

БЭЛЗІОКЪУЭ Светланэ.

КІЭХУМАХУЭ ФатІимэ:

Театрыншэу сыпсэфынукъым

• Гъуазджэ

зэхэтыкІэм. «ПІатІуШэрэ СатІурэ» спектаклым щызгъэзэщІа Хьэбидзэт и ролыр сэ сызэрыджэгуэхэм нэхъ емыщыкІу зэрыщытымкІэ сигу кьинащ. Ауэ нэхъыфІ дыдэу сльэгъуэ къыкъозгъэхьэхуКІ Нало Заур и «Іэфынэ и нэ фІыщІитІыр» повестым кьэтращІыкІа спектаклым щызгъэзэщІар. Іэфынэ и образыр сэ гъащІэм и Іыхьэ гуэрт. Ар си щІалэгъуэр къызыхэна ролу кьыскІуэхьу.

- **Щыуубзэр кьэоплъу сценэм ущыджэгуныр. Къуэтэ ролыр щІэныкъуэхэтыншэу бгъэзэщІэныр Іуэху тынш къым. Ар къызэрохьулІэмкІэ, артист Іэщіагъэм хэлъ щэхуэхмкІэ укъыддэгуэшэн?**

- Артистыр артист зыщІыкъыр кьеплъыну кьызэхуэс цІыхуэращ. Абыхэм псэкІэ уадзэгуащэмэ, къэпкърыкІ гукъыдэжкр уэри зыщІэпшэфмэ, ехьулІэныгъэ уиІэнущ. Ауэ сыт хуэдэ Іэщіагъэ упрэтми, уи къалэнкр и кІэм нэсу бгъэзэщІэфынкр зэльытам хэлъ щэхур зыщ - зи уэкъ уитыр гурэ псэкІэ зыхэпщІэн хуей кьудейуэ аращ.

- ФатІимэ, уигури уи псэри зэпта лэжьыгъэм зыдумыгъэхьэхыІуауэ пІэрэ, хьэмэрэ иджыри уримыхьэлІауэ ара уи гур зыхьэхуэ щІалэ?

- Езыльхугъэм дежкІэ унагъуэр псом нэхърэ зэрынэхъыщхьэр сощІэ. ИкІи лэжьыгъэм сыдихьэхауэ ар езгъэкІуэтэжІыу схужьІэнукъым, сыту жыпІэмэ, тІури зэрысхуэзэдэхьынур сощІэ. Си Іэнатіэм сыпэрытынур кьысхуэзымыдэн щІыху срихьэлІэнри сыхуейкъым. Ауэ ар зигу иримыхь сыхуэзэ хъуми, жесІэнур мыращ: «Псэ схэту сыпсэуну ухуей? Ухуейщу щытмэ, си лэжьыгъэр кьыспумыбыд». Мис ар кьызыгурызгъэІуэфын щІалэ къэзгъэтмэ.

- Дауэ къызэрыхэпхынур псэгъу пщІынр? Сыт хуэдэу щытын хуей ар?

- ЦІыхур дахэщ, е и нитІыр кьуэлэнщ, акъылыфІэщ, е къуелІеиу жьысІу фІыуэ схуэпльагъунукъым. Сэ мы дыжьнИм сызэрыщыпсэур гурэ псэкІэщІи, си псэм и ГъунэгъУ цІыхущ кьэсльыхьэр. ПсэкІэ къыхэпха цІыхум тыншу угурыІуэу, пщІэ зэхуэпщІу, насыпыфІэу гъащІэр депхьэкІыу кьысщохьу. Ауэ си псэр ихьэхун щхьэкІэ щІалэм ищІэн хуейр сщІэркъым..

- Укъыдэхьэхыгъуей?

- СыкьыдэхьэхъугъэфІэкъым. Си ужь кьихьам зэман куэд кьыстригъэкІуэдэн хуейщ, е кьэуфыкІ тельыджэ сщІыхун гуэркІэ сыдихьэхынри хэлъщ. Ауэ ахэр зэрымытыншыр арагъэнщ гум щагъафІэ гурыщІэм зэкІэ сыщІыпІэщІэр.

- Сыт бзылъхугъэр насыпыфІэ зыщІыр?

- Дэтхэнэ зы цІыхуми езым зыхуиГъэувыжа пщалъэ гуэрхэр иІэщи, насыпыфІэу зыкъыщІилъэтэж щхьэусыгъуэхэри зэтехуэркъым. Сэ сыкьаІэщІтэу щытмэ, зэрыжьыСІащи, си лэжьыгъэм насып кьызет. Ауэ абы кьыщдэкІуэу щхьэгъуэзэу, анэу щытынур игъэунэхуи уейІуэ. Ар зыщІыкІ бзылъхугъэм, и кІэм нэсу насыпыфІэу зибжьыжьи щхьэкІэ. Ахэр уиІэрэ удэзыхьэх Іэнатіэми упэрытмэ - мис ар насыпщ си дежкІэ.

- Зыхуейр зэзыгъэхьулІэф цІыху щхьэ закъуэ щыІэкъым, щапхъэ зыгурИхэ чэнджэщэгъуэ ищІимыІуэ. Уэ хэт апхуэдэу уиІэр, ФатІимэ?

- Сэ си цІэр фІыкІэ зрагъэмэ, ар зи фІыщІэр си анэращ. Аращ сэбэп кьыпхуэхъуэн чэнджэщкІэ кьыпхуэупсэри, гъащІэ гъуэгум ущызымигъэгъащэри. Си анэм «сыпсэуарэзыщ» зыкъызэрыжьиКІэ си щхьэр лъагэу сегъэльагъуэ, сроГуфІэ ар зэрыхуейуэ сыкьызэрыхуцІэкІам щхьэкІэ.

Епсэльар

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Насыпым и къежьапІэ

Къэхъуа хъыбар

мыщІэ, жысІэуурэ. ФадэфІ ущыхуейм деж занщІэу мыбыкІэ къэпсальэ, - жиІэри, щІалэм тхьылымпІэ кІапэ хуищиящ ФатІимэ. Мыдрейри Іэнкун кьэхьауэ тІэкІурэ щыта нэужь, тхьылымпІэр кьыИхиащ, фІыщІэ хуищІри щІэкІыкащ.

ФатІимэ телефоныр кьищІэри, и ныбжьэгъу цІыхубзым епсэльащ. «Уа, Роэз, си деж иджыпсту зы щІалэ кьыщІыхьати! Си псэр пытым зыІэщІэзгъэкІынкъым, сызэрыІупльэу занщІэу сыдихьэхащ».

Мурат ФатІимэ деж щІэх псэльакъым, дунейм тетуи ящІэжакъым. Ауэ зы пщыхьэщхьэ гуэрым, и ныбжьэгъур кьыщалъхуа махуэти, екъуэхъун мурад ищІащ. А зэманым ящэ фадэхэм дзыхь яхуэпщІ хьунут экьыми, Мурат телефон номерыр кьиІльыхьэжащ...

Ар тыкуэным щыІухьам, ФатІимэ бжэІупэм деж кьыщежьэрт, зы хьыджэбзи и гъусэу. Кьыбгъэдыхьа щІалэм сэлам ирихри, ФатІимэ жиІащ:

- ЗэгъэщІыху, Мурат, мыр си ныбжьэгъу хьыджэбзщ, и цІэр Роэзщ, дэ нобэ уи ныбжьэгъу щІалэм пщІэ хуэтщІну ди мураду араш.

Мурат аргуэру Іэнкун кьэхъащ, фынакІуэ си машинэм, жиІэу ФатІимэ кьыщыІвым. Ауэ бзылъхугъэр куэдрэ зэбгъэльэІунт? ЗэрыуІыгъар кьримыгъэщІэн и гугъэу машинэмкІэ иунэтІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, Муратрэ ФатІимэрэ зэпыщІа хьуащ. А тІур зыкьомрэ щэхуу зэхуэзащ, итІанэ я Іуэхур хэІуцыІыу хьуащ.

Рози щІалэр игу ирихьати, ФатІимэ ефыгъуэрт. Роэз и теплъэкІэ нэхъ зэкІужт, Іэпкъльэпкъ дахэ иІэт. Абы кьилъытэрт Мурат езым нэхъ хуэфащэу. Роэз Мурат кьыдихьэхыну хущІэкъуэ ФатІимэ гу щыльитэм, ар зыпигъэхуащ. Мыдрейри абы кьигъэгубжьащ, хуэфащэр есщІащи жиІэри, Мадинэ деж кІуэри хуиІуэтащ и щхьэгъусэр ФатІимэ зэрыкІэлъкІуэр...

МАДИНЭ лэжьыгъэр щІухуэкІну зэманыр кьыхуэгъэсыгъэкІым, и гур бамПІэм кьыхэзгуфиныным хуэдэт. Сыт ми ерагъкІэ зиІыгъыкуэр и идар бригадирым иритри, щІэкІыжащ. Уэзыхьр кьэжьырт, ауэ ар зыхимыщІэу зэщыдджэу гъыуэрэ цІыхубзыр уэрам кІыфІым ирикІуэжырт. Уафэ хьэпскІри кьыфІэмыІуэжу, псыфыбзэ зэрыхьуари зыхимыщІэу, здэкІуэри имыщІэжу, куэдрэ кьикІухьащ абы. Бжэр Іуикьыу унэм щыщІыхьэжам, Мадинэ и Іупэр цІухьантІэт, и Іэр пыкІэт, псыр кьыпыжырт. ЦІыхубзым ерагъкІэ кьыдригъишэри и щхьэгъусэм жриІащ: «Уи щыгъыныр кьащти щІэкІ, абы фІэкІаи уи гупэр ди деж щІыхьэ. Мадинэ щыгъыныр ящІ».

- Сыт кьэхъуар, Мадинэ, дэнэ сыздэкІуэну? - зыри кьыгурымыІуэ хуэдэу зиІащ Мурат.

Арщхьэкіэ, кьыхуеплъэкІа щхьэгъусэм и щІэпІплъэри, кьиплъэгуащ ар, щхьэкІэ, мыдрейм идакъым, «си адэ-анэм укъалагъуэмэ, кьызэщыдэнущ», жиІэри. Машинэр Іукьыжа нэужь, хьыджэбзыр унэм кьыщІэкІыжри, автобус кьэувыІэпІэмкІэ иунэтІащ. Зыкьомрэ тетауэ, автобусыр кьэсри, Людэ гувауэ унэм нэсыжащ.

И пхъур кьызэрытым игъэгузэва Мадинэ кьыпІежьащ Людэ. Анэм кьиплъэгъуащ Людэ и нэхэр зэрыщІэдыр, куэд щІауэ димыльэгъуа нэжэгужагъ зэрИІэр, ар кьызыхэІари кьыгурыІуащ. «Я дэ ди Тхьэ, хьун хуэдэ хуэзэуэ кьыщІэгъэкІ, си сымыгуэта насыпыр мыбы кьет», - гуэльыжа нэужь, Тхьэ елъэІуу к уэдрэ хэпащ Мадинэ.

СЭЛИМРЭ Людэрэ мафэ щІагъуэ дэмыкІыу зэхуэзэрт, ишэжа нэужь, ирегъэльэгъуа унэм щІыхьэрти, зыкьомрэ зыщигъэпсыІуу щІэтт, итІанэ гувауэ я унэм кьэжьырт. Абы икъ укІэ лугъу иритъэкьырт хьыджэбзыр, ауэ я тхьэмыщкІагъыр ильагъуэмэ, Сэл

Зыгъэпсэхугъуэ хуэмахуэм Мальхъэдис

● Си хъуреягъкIэ

Псапэ

Милицэм кууэу хэт гуэрым я къуажэкхъэ гъунэм андеэнэмэзхэм щхьэкIэ щIыхьэпIэ тIэкIу щригъэщIат. Абы псапэ кIыхьауэ щыжаIэм, ар фIыуэ зыщIыху зыпI пыгуфIыкIри, дыщIигъуащ: «А псапэ кIыхьауэ жыхуэфIэм щыщ абы езым кIыхьыщыжыIауэ пIэрэ?.. Шофер нэпсщ ар. Апхуэдэу зы ахъшэнэкIужь «Iауэ жыхьэнмэм ятхьэфырт, «Си мыпхъум псапэу хэстыкIа кьомыр здэкIуар дэнэ?! - жиIэу кIиIуэ. «Ахэр къэзыIэжьахэм я Iэ кIуэжащ, - кхъужраIэрт абы, - уэ псапэ тхьэпкъ уиIэкъыпI».

Къуленжь-хъэрэмыкIыхэм зрыгаращIэ: уафэм хьэзыру зыри кхъыщемыхуэхкIэ, зэфIтъэфалIэ псори зыгуэрым и пщэнтIэпсщ, хьэпслэм хъунукым.

Кьилэжьар зыпIамыгъэсыжхэми я фIэщ тщIыну дыхуэйщ: зэпъэфэлIакIуэхьэнIапыхэм ффIащх фи дэтхэнэ сомми псапэу фи деж кьигъэзэжьнкIэ мэ хьу, факьырэм хуэфшия сомым хуэдэу.

Псоми сахуэдэу

Щегъэлеям и деж зыри фIы щыIэу кхъыщIэкIынкым, сыту IеI щыгъатхъэу кхъыщыпщытхъури апхуэдэу ущагфри. Зым уи щхьэр здэпхьыпуэр умыщIэу укъежгьанэ, уи пIэм уиткIухьыным хуэдэу уещI, пфIэекIукъыми, адрейм и пщы егъэлеяри гутехуэзгъеIщ. Сэ куэдрэ гутъу срагъэхьащ а тIуми. Ауэ иджы Iэмал дэгьуэ кхъуэзгупсысащ. Кьысщытхъущэм жиIэнурэ сызыубыщэм жиIэнури сапэрымыуэу жьызоIэкIэ, зэхуэдэуи си фIэщ сощI. ИужькIэ хэт жиIари зэхъэзолъхьэж, гупсэуу сахоплъэжри - икIи сымынжь IеIнуэ, икIи сымынжьхьыфIу адрей цыхъ псоми сахуэдэу кхъыщIедз.

Си Iэрытххэ, фэ сыт къысхуэфщIэнур?

Псори мэжей, ауэ жеIрккым дунейр. Мес, нэхущIар кхъыщхIыщIетхъ, и нэ пшэплъыр кхъыщихуэу - махуэщIэ кхытехьнущ дунеим.

Сэри сыщысщ сымыжейуэ. Зы псалъэм адрейр кIэлъыплъуэ топпкIэ тIау зхьлымпIэ хужьым, кьуаалэбзу цIыкIуэр уэс кьесагъащIэм хэтыыхсхьэ нэхьей. ЗызоуэкIыж, зыгуэрхэр кьэзгъащI си гутъэжу. Ауэ, сощIэ, сыкъыпэрыджэлыкIынущ, гува-цIэхами...

Сохъуапсэ нэхущ кIуэдым: абы и гъащIэр зыщIитым кхъыхуихьынущ махуэщIэ. Сэ-щэ?

Си Iэрытххэ, фэ сыт кхъысхуэфщIэжынур, сыIэмэ?!

ХЬЭХ Сэфарбий.

● Нэщэнэхэр

Ипщэкlэ уафэр япэу щыгъуагъуэмэ...

● Жэщу жьыщIэпс иракIутыртэкъым.
● Жьэрымэ щагъуэкIэ пагъэткIурти, мафIэм дагъэ хагъанкIуэр.
● Зи тэмакъ уэшы Iупс гунэщIкIэ щIишытIыкIмэ, мэхъуж жаIэрт.
● Зы унагъуэ гурым и хьэр дэкIрэ нэгъуэщIым хуэкIуэмэ, ар зейм хуэмыфIу, зыхуэкIуэм и насыпу кьалытэрт.
● Зыгуэр щыпсальэм деж нэгъуэщI кьепсамэ, жиIэр пэжц.
● ИпщэкIэ уафэр япэу щыгъуагъуэмэ...

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мэл кIапэр гъэжьа, кIэртIоф, бжьын, бжьныху щIэлъу

Мэл кIапэр псы хуабэщIкIэ ятхьэщI, ягъэгъущыжри грамм 50 хьу Iыхьэурэ зэпауэщI. МащIэу шыгъу щахуэ. ИтIанэ тебэм иралъхьэ, псы щIэщIкIэри пэшхьэкум трагъэувэ, тебащхьэри трапIэж.

МафIэ щабэм тету дакъикъи 10 хуэдизкIэ, псыр щIэвэщIэху, дагъэ и къущIидзыху ягъавэ. Дагъэ къущIидзамкIэ кIапэр тхъуэпIлъ дахэ хъуху, дакъикъи 2-3-кIэ, ягъажьэ. ЗэрагъэдзэкIри абы халъхьэ Iупщ Iэурэ упщIэта кIэртIоф, шыгъу

Тхьэмщ Iыгъу, кIапэ тхъэщIаХэр хуэпIаИимэ щIыкIэу Iыхьэ-Iыхьэурэ яупщIатэ, тхьэмщ Iыгъуи и хьэлъагъыр гранм 30-40, кIапэр грамм 20-30 хъууэ. ИтIанэ ахэр кIэструлым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа трак Iутэри фIыуэ зэIащIэ. Абы и ужькIэ кIапэмрэ тхьэмщ Iыгъумрэ зэкIэлъыкIуэурэ дасэм фIалъхьэри, ягъэкIэрэхъуэурэ дэпкIэ ягъажьэ, тхъэупIлъ дахэ хъуху. Iэнэм щытрагъэуэ-

Шхыныгъуэр щагъэхьэзыркIэ халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): кIапэу - грамми 100, псы щIыIэу - грамм 30, кIэртIоф - укъэбзауэ - грамм 300, бжьныщхэ укъэбзауэ - грамм 50, бжьныху укъэбзауэ - грамм 20, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

Дзасэкlэ гъэжьа тхьэмщlыгъурэ кlапэрэ

вэкIэ тхьэмщIыгъу, кIапэ тхъэщIаХэр хуэпIаИимэ щIыкIэу Iыхьэ-Iыхьэурэ яупщIатэ, тхьэмщIыгъуи и хьэлъагъыр гранм 30-40, кIапэр грамм 20-30 хъууэ. ИтIанэ ахэр кIэструлым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа трак Iутэри фIыуэ зэIащIэ. Абы и ужькIэ кIапэмрэ тхьэмщIыгъумрэ зэкIэлъыкIуэурэ дасэм фIалъхьэри, ягъэкIэрэхъуэурэ дэпкIэ ягъажьэ, тхъэупIлъ дахэ хъуху. Iэнэм щытрагъэуэ-

Шхыныгъуэр щагъэхьэзыркIэ халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): тхъэмщIыгъу - грамм 300, мэл кIапэу - грамми 150-рэ, бжьын щIынэу грамм 50, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къытхыжащ.

● Жыlэгъуэкlэр

Къэрабгъэр бгъэгушхуэкlэ, лIыхъужь хъуркъым

♦ НэгъуэщIым и щэху кхыбжезыIэм уи щэху иумыхьэлIэ.
♦ Еджа псоми зэхуэдэу щIэныгъэ къащтэркъым, емыджа псори зэхуэдэу щIэныгъэншэкъым.
♦ Зи щхьэ закъуэ насыпым щIэхьуэпсым и щхьэр кьегъэпщIэж.
♦ Зыгуэрым и делагъэми губзыгъэм акъыл кхыхех.
♦ Зым и насып зыхилъагъуэр адрейм и дежкIэ зыми щыщкъым.
♦ Зы цIыхум и унафэм цIыхубэр егъэунэ е егъэунэхъу.
♦ Зы цIыхум и фэ лъэпкъ псо щрапль щыIэми, лъэпкъыр Iеини фIыни а зым щхьэкIэ къанэркъым.
♦ ЗышыIэ зиIэр жыпIэнум йодаIуэри, уи щыуагъэр уегъэлъагъуж, ар пщIэнум ухунимыгъэсу.
♦ И кIапэм утеувэмэ, къодакъэр хьэм и закъуэкъым.
♦ Илъагъумрэ зэхих псомрэ зыIуэтэжым зыщымыгъуаэзэри дигъэкIуэнущ.
♦ ИпэкIэ пльэн зыльэкIым къызэпльэкIыжькIи ещIэ.
♦ И пIалъэм зумыхьэлIа хущхьэмрэ и чэзум жумыIа псалъэмрэ сэбэн хьужькъым.
♦ И щIалэгъуэм Iей фIэкIа зымыщIари, лъэрымыкъ хъуа нэужь, фIы зыщIар зыщыгугъ дыдэм поплъэ.
♦ «Куэдым жаIэм пэж гуэр хэльщ», - жыпIэу утемыгушхуэ, зы цIыхум и пцIыр куэдым я фIэщ мэхъу.
♦ Къэбгъэнэну лъэужьым егупсыси, уи дуней тетыкIэнур кьэпщIэнщ.
♦ Къэрабгъэр бгъэгушхуэкIэ, лIыхъужь хъуркъым.
♦ Къодаlуэ защIэкlэ псэум нэхърэ, уэщэхуэн гуэр къыбжезыIэфыр нэхъыфIщ.
♦ «Къебгъажьэр хабзэщ», - жыхуэпIэр зи псэльафэр хабзэ щхьэкIэ гугъу ехькъым.

НЭХУЩ Хьэкпагачэ.
Къулькъужьмк Ипщэ.

Унэишэ

АдыГэ псалъэ

● Хабзэ

АдыГэ хьэгъуэIыгъуэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэ, нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ щыIэ унэишэр. Нэчыхьытхыр щIалэм и унэм щекIуэкI зэрыхьэрэ, унэишэр абы нужьыIэ етIуанэ махуэм е щыхьэщхьэм ящу къаублащ. Мыр дахащэу екIуэкIырт. Ауэ абы и хабзэ дахэ куэдыр къэбзэрдей-хэмрэ шэрджэсхэмрэ зыIэщIагъэхужащ, нэхъыбэу кьагъэнар е щIэуэ хагъэхъакъ фадрэ ахъшэрэ кьыхьыпIыкIын Iуэхугъуэщ. Ар фIэщ тщIыхьэн щхьэкIэ унэишэм хэту щыта хабзэхэмрэ щхьэм абы кьыхэнахэмрэ зэбгъэпщэну фIэкIа ухуейкъым.

НысащIэр, щхьэтэпхуэкIэ зыщIыкIыр хъыныщ зыпIа Цыхубз угъурлитIым и блыпткъэр яIыгъыщ, щIалэгъуэлэм уэредадэ жаIэу, и лэгъунэм кхыщIашри, фызхэр зыщIэс унэм яшэ. Нэ хъапэкIэ нысащIэм нэгъуэщI бзыпльхугъэ щIыкIынтI, зи хьэгъэлIыгъуэр иджыблагъэ дахахэм ящыщу, унэ драшэу щытащ. Ауэ а хабзэр иджы зэрахьэжьыркъым. Ар щIащIэу щытар къашам бзаджэнаджэ зэран кхыхуэхъынкIэ хъунути, ар «кьагъэпщэнуарат. Абы нысащIэхэр зэхигъэзэрыхьэу, и Iэмалхэм зыри кьикIынутэкъым. А хабзэри щыIэжкъым.

Ещхьыркьабзэу, бзаджэнаджэр ягъэщтэн щхьэкIэ, унэишэм фочэ ягъауэу щытащ. Абы щыгъуэми нысащIэм фочэ щхьэпрагъэхьэI кьудейкIэ зэфIэкIыртэкъым. А тIэ а нысащIэр зыщIашэ унэм и унэжьакъыр нэщанэ уапIэ ящIырт, абыкIэ бжьаждэнаджэ имыщIэжьн щхьэкIэ.

НысащIэр, пшынэ, Iэгу еуэхэу, уэредадэ жаIэу зы унэм кхыщIашэ нужьыкIэ, пщIантIэм и дежкIэ щIэзэрагъэувыIэрти, абы джэгу мащIэ хэзухаублэрт, итIанэ уэредадэм щIадзэжьырти пэшым щIашэрт. Абы щIашэн и пэкIэ, дэ, Iэфыкъэ, ахъшэ жьытеI кьрапхъыхьыртри, ар сабийхэм къащIыпырт. Унэ ирашэри абы и Iэблэр зыщIыхьэри бжэщхьэIуэм Iыакъуэ ижькIэ ебэкъуэн хуейт, теувэ хъунутэкъым.

БжэщхьэIуэм ебжкъуэ нысащIэр Iэмал имыIэу ныш яуклам и фэ цIынэм теувэрт. Куэдрэ урохьэлIэ фэр зэрагъэтIылъынур ямыщIэу. Фэр зэрагъэтIылъэ хабзэр щыщ кхыдэгъэзеуэщ. Мыбыи мыхьэнэ щхьэхуэ иIэщ: фэм щыуэ тетым хуэдиз насыпэ нысащIэм мы унэ зыщIыхьэм щIигъэтэну кьрагъэкIыу аращ.

АдэкIэ нысащIэр хьэблэ, благъэ фызхэр зыщIэс пэшым щIашэ. Пасэм щыгъуэ мыбы щIэс бзыльхугъэхэм унэ ирашэ нысащIэм и гуащэр яхэту щытаким. Ахэр щыпэтхэуэр щыхэпэкIэ: лъэри нэхъ нужьыкIэт. Абы щхьэкIэ гуащэм щхьэ хуэу техьэпщIи, псалъапщIи ищIын хуейт, унэишэ щыкIур ирихьэлIэу. Идкьри а унэишэ щыкIур ящI, ауэ мы унэишэм щыгъуи фызхэм нысащIэм и гуащэри яхэсу Iуэ хур ирагъкIуэкI. Апхуэдэ къыщыхъуу щытар кьуажэ зырызти, нужь зэманым псоми зэлъащIысауэ пльытэ хьунущ. Мыдрей фызхэмэ ещхьку, а гуащэмрэ унэ ирашэ и нысэм бгъэдохьэри Iэплэ ирешэкI. Апхуэдэм и дежкIэ кьаублауэ иджы гуащэр кIапэскIэ, бгырыпх гъэркIэ е щэкIыщхьэкIэ и нысэм ирапх. Аxэр зэкIэратэтыкIыжьи щхьэкIэ, Iэщащэм и мащхьэ, и кьуэ, ипхъу, и нысэ нэхъыжь хуэдэхэм «кьащэхужькIн» хуейщ. Абы дэтхэнэ зыми иджыредей ахъшэкIэ мащIэфащIэ цIыкIу хуагъаззэркъым.

Ипэхэм и нысэр унэ щрашэкIэ, гуащэр, Iуэхум зыкIи хэмыхьэу, бжэ кьуагъым къуэсу щытащ. Абы щыгъуэми, хабзэр бокъутэ, жаIэу арагъэнт, ар шэнтым трапхэрти, и дэпхъум, и къуэсум кьрагъэщхъужьыр. Иджы, ищхьэкIэ зэрыжьитIащи, езы тIур зэрапх.

НысащIэ кхыщIашам и щхьэтэпхуэр фызхэм ящыщ гуэрым еIэри, мыдрейхэр зырызыхъэу бгъэдыхьэурэ абы ноIпъ, йо хьэхъуу, Iэплэ ирашэкI. Ауэ езы нысащIэм зигъэхьейркъым, Iэплэ кхыхуэзыщIхэм я Iэри кьнуубыдыркъым. Кьыбгъэдыхьэзэ я Iэр нубыдмэ, абы адыгэхэм кьрахьырт нысащIэр щхьэзыфIэфI.

ТэмакъкIэщI хьуну е апхуэдэу щыту, унагъэр и унафэм щигъэувэным хущIэкъуну.

Фызхэм нысащIэм фIэхъуэ-сэламыр ирагъкIи зэфIэкIа ирагъкIи (ахъшэмкIэ зэрыкъуэ япэ ирагъэщI) Iуриущэрыр (фоРэ тхъурэ зэхэлъ) ящIырт. Мыбы щыгъуи нысащIэ щыкIур хуэсакъыкъ хуейт Iуриущэлъым зэремыбзеиным. IуриущIэлъым ебзей нысащIэр нэпльысхуэсу, ныбжьэ-

● Сабийхэм папщIэ

БАТЫР Мышэ

ЧыцI цIыкIу

Си чыцI цIыкIур IэнакIуэщ,
Шхэну зыри хуимыт.
КьыззыпIэу и закъуэ,
Ди бжэм Iуейуэ кIэрытщ.
Дыгъэр бгым зэрыкъухьэу,
Дадэ Iэщыр щIехуэж.
Си чыцI цIыкIур
Iэнэ лъабжьэм къокIуэж.
Нанэ сэ кьызошхьэ,
Гъуэлъыжьгъуэр блэкIащ.
Дади ар кьыскхуимыдэу,
Iэщым пльэну щIэкIащ.
Дади нани ямыщIэу,
Мамэ дех сыгъуэлъащ.
Нанэ сэ сыкьелъыхьэу,
Дадэ и фэр пыкIащ,
Си чыцI цIыкIур
кьагъуэтыр,
Iэнэ лъабжьэм щыжейуэ.
Кьошхьэдэнум кьеблагъэ,
Стрихуащ дадэ жейр.
ЧыцIыр жэщым мэпынэ,
Iуэм и закъуэ итын.
Дадэ сэ сыщошынэ,
Нани хуит симыщIын.
ЧыцIыр сэ кьызэсащи,
Симыгъуэсу мыжей.
Iэнэ лъабжьэм есащи,
Iуэм итыну хуэмей.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым мэлыкьыхь мазэм мыпхуэдэ спектаклхэр щекIуэкIынущ:

Мэлыкьыхьым и 7-м: Эдуардо де Филиппо. **«ЦIыхуф икIи джентльменщ»** *(ГушыIэ)*.

Мэлыкьыхьым и 14-м: Альдо Николаи. **«ГутIытэншэ хьуэхэр»** *(Трагикомедие)*.

Мэлыкьыхьым и 17-м: Мурат Чапай. **«Къулькъужьщ Iэкъуэхэр»** *(Ауан)*.

Мэлыкьыхьым и 28-м: Абу-Бакар Ахъмэтхъан. **«Алмэстыхэр»** *(ГушыIэ)*.

Мэлыкьыхьым и 30-м: Концерт.

Спектаклхэр щекIуэкIкIэ ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI.

Театрым и художественнэ унафэщIу Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Шыбзыхъуэ Басирц.**

ЩыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-87**

НапэкIуэщIыр зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщIи нэущ.

Ветеринарие, фитосанитар кIэлъыплъныныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъум и унафэщIэр Ветеринарие, фитосанитар кIэлъыплъныгъэхэмкIэ федеральнэ къулыкъум и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI **Сохъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэм** хуогъэзэ абы и анэр зэрыпIам къыхэкIыр.

Ветеринарие, фитосанитар кIэлъыплъныныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъум и унафэщI **Данкверт С.А.**

● ГушыIэ

Хъуэжэ ахъшэ къызэрыхэхъуар

Хьэужэ пщэдджьыжым къызэрыгушу, Тхьэм фIыщIэ хуищIырти, дыщэсом мин къритIыну еIэ.Iуэрт. «Аузар сом 999-рэ фIэкIа мыхъумэ, къэсщтэнукъым», - жиIэрти дыщIигъужырт.

Зэгуэрым ар апхуэдэу Тхьэм зэрельэIур и гъунэгъу бежжым зэхихащ икIи игъэунэхуну мурад ищIащ. Арати, зы пщэдджьыжь гуэрым Хьэужэ и тхьэ елъэIуГъуэм ирихьэлIэу хъуржьи пыкIуэм дыщэ сом 999-рэ ильу абы уэнжакъым иридзащ. Хьэужэ, хьуржьиир къыпхъуатэри, дыщэ ахъшэхэр ибжу щIидзащ. Зы дыщэ сом зэрычэмыш къыщишIэм: «Сом 999-р къысхуезыгъэхъами, иджыри зы дыщэ сом къысIэригъэхьэжынщ», - жиIэри ахъшэр зэрыль хьуржьиным и щхьэр ипхэжри игъэтIылъащ.

Гъунэгъу бежжьыр абы къыкIэлъыплъыри, епIэщIэкIыу къыщIэльэдащ унэм.

- Хьэужэ, кьызэтыж си дыщэ ахъшэхэр, - жиIащ абы.

- Сыт хуэдэ дыщэ ахъшэ уэстыжьнур? Уи щIыхуэ стель? – зыхунгъэщащ абы Хьэужэ.

- Сэ зэхэсхащ уэ пщэдджьжь къэ Г хьэм уэзрельэIур икIи узгъэнэхун щхьэкIэ, дыщэ ахъшэхэр уи унжакъым къиздащ.

Зэдауэ хьэри, щызэгурымыIуэм, хехащIэм деж кIуэуэ Iуэхур абы зэхрагъэгъэкIыну гъунэгъум кхыхильхащ.

- Сэ хеящIэм деж сыкIуэн сышынэркъым, ауэ лъэсу гъуэгу сытехьэнукъымк, къыдырыфI кхысхуэшэ, - жиIащ Хьэужэ.

Бежжьым ар зыхуеIэр кхыхуищIащ.

- Си щыгъыныр лэжьащ, сэ фэладжэу хеящIэм деж сыкIуэнущхьыкIи, - жиIащ аргуэру Хьэужэ.

Бежжьым щытыныщIэ кхыхуищIащ. Хьэужэ зихуапщ, кхыдырым щэри, хеящIэм и деж.

Бежжьым хеящIэр Iуэхур кхызэрекIуэжIам щигъэгъуэзэ нэужь, ар Хьэужэ къеупщIащ:

- Уэ сыт жыпIэн абы теухуауэ? - жиIэри.

- Абы илъэгъуат ахъшэр зэрызбжри, ахэр еIэшIигъэжьын мурад ищIауэ аращ, - жиIащ Хьэужэ. - Пожьмуеймэ, апхуэдэ щIыхуэр ар, нэпсейщ. Хэбгъэзыхьмэ, мо сыкъызэрыкIуа кхыдыпри ейуэ жиIэфынущ.

- АтIэ сысейкъэ?! - Iэнкуэ хуэащ бежжьым.

- ПльагъуркъэI? - жиIащ Хьэужэ. - Иджы абы жиIэнущ мы щыгъынхэри езым ейуэ.

- Сысейщ... Сысейщ, - жиIащ гуэльэгуэ бежжьым.

Хеящ Iэм абы псори ейуэ зэрыжиIэр щыгъэхьэжьыр, ар гъэпщIакIуэу ящыIыпIри гъэхужащ.

ДжэдIыкIэ ДжэмбулатИ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщIхэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщIхэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъуэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьэ Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Жьлаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Тансэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик.**

Теддзэ тхыгъэхэм кхыщIыхьа бжьгъэхэм, кхыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехьэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпытру щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынщи я пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIынытъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н 0065-м щIигъэгъащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ЦIрэхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IуэхугъэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмыхъэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня, редактор ЖэкIмыхьэ Маринэ, корректорхэр: Баиз ФатIимэ** *(3,4-нэ пап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1,2-нэ пап.),* **корректорхэм я дэIыкIыгъэ Иуан Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и тепльэр щIидзащ:* **Кашнокова Зэрэ, Щомахуэ Мариан-нэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *суэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1030

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэлIу: **1.** Бадзэжь. **7.** «... нэ хуащIати, набдзэжиIащ». **8.** Нартхэм я бжьамиящщэ. **9.** Лъэпщ и пэкIэ нартхэм я гъукIэу щыта. **10.** Шыр зэрагъэIэсэ кIапсэшхуэ. **14.** Уэс жьгъей. **15.** IэщкIэ зэщIэуэзда къарухэр. **16.** Унагъуэ псэущхьэ. **17.** «... и Iэфыкр къуатмэ» - Тенуэ Хьэчим и роман. **20.** Пхъашэ, гъур. **22.** Къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ. **23.** Хадэхэкl. **24.** МафIэр ину щыдэлыдейкIэ къыпех. **25.** ЦIыхубзхэм къыздрахьэкI хьэпшып цIыкIу. **26.** Псы е бгы нэпкь лъагэ. **27.** Ватикан къэрал жьгъейр зыдэс кьалэ. Европэ къэралым и щыхьэр. **28.** Пасэрей гъэщIпыIэ. **29.** Щыхъэ зыим, фIэ-кIыпIэнщэ. **31.** Зиусхьэн лъэпкъ. **33.** Данэ щэкI пIащIэ. **36.** «УIэгъэу сэ стельым сихьынущ, си ..., уэ псэууэ укъонэ - насыпыр мыгугъщ» - КIыщокъуэ Алим и уэсэ «ЗэныбжьэгъуитIым» щыщщ. **37.** Нэхьапэм атэлыкъым ирагъэпIу щыта сабийм зэреджэ. **38.** Зеиншэ. **39.** Уи ... сщIамэ, къыскуэгъэгъу. **40.** Шым и кIуэкIэ. **42.** ЩIатэ, тхъуIынэ гъэзэжам я дагъэ. **43.** Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **46.** УщIэдыхьэшхьыни ущIэгуэзвэни зыхэль Iуэху. **47.** Ныпышхуэ. **48.** Кхъухьитатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **49.** Пхъащхьэмыщхьэ. **51.** Къэбэрдей уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ артист.

Къехьу: **1.** Пхъащхьэмыщхьэ. **2.** Зи фэр бгъэдэ, купщIэ зэрыль. **3.** Къамыл щабэ зэIуща. **4.** «Иэрэ ... зэрыщIэркъым». **5.** «ЦIыхубз ... хущанэ». **6.** КъурIэн цIыкIу. **11.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **12.** Ди щIынальэм щыIэ псыежэх. **13.** Псыежэхыр зыдэт куакIэ. **14.** Дунейр щыуаем деж щIыпIэм, жьгъэм, унащхьэхэм ятригIэ уэс пIащIэ. **18.** Iэльынным тхьэгъуэм ирагъэIыкъыжьмывэ. **19.** Къуалэбзу. **21.** Зыпплыитху. **29.** Нарт ЦIуей и адэр. **30.** «Пщэдейрей ... нэхърэ, нобэрей бзу». **32.** МахуэщIэ. **34.** Къуанщагъэ зылэжьам тралъхьэ кьуэды. **35.** Къамэ Iэпщэр зэрагъэщIэращIэ. **41.** Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **42.** Ерыскъы куэд кьыщIэту, муслымэнхэм къызэрагъэпэщ дауэдапщэ. **44.** Ерыскъыпхъэхэр, фIэIуГъэхэр унагъуэм щихьэмщIыпIэ. **45.** Дэрбэр Iэмэпсымэ, хьэпшып. **50.** Iэщ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗАХЬМЭДЩ.**

Гъатхэпэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэлIу: **3.** Ерчэн. **6.** «Гъуазэ». **7.** Щауэ. **11.** Индыл. **12.** Декан. **14.** Тут. **16.** Заул. **19.** Гъашэ. **20.** Дашу. **21.** «Гулгэ». **23.** КIэщт. **25.** ГуакIуэ. **27.** «Нэху». **29.** Арджэн. **30.** Iэпщэ. **31.** Гуэгушэ. **33.** Щхьэр.**34.** Бланэ.

Къехьу: **1.** Хьурмэ. **2.** Лъэпщ. **4.** Батыр. **5.** Музей. **8.** Анэл. **9.** Саур. **10.** Кхуаргъ. **13.** Махуэку. **15.** «ПшэкIухь». **17.** Ашэ. **18.** Ало. **23.** Тырку. **24.** Тэрч. **25.** Гуащэ. **26.** Къэшэж. **28.** Щэрэдж. **32.** Шылэ. **33.** Щынэ.